Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,ниль гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 49 (6671) 18 ноябрь 2019 с. Итни РабигIул аввал 1441 с. Багьа - эркенаб

БАРКИ

## 21 ноябрь - Налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо

**ХIурматиял Россиялъул ФНСалъул районазда гьоркьосеб № 12 Гумбет районалда бугеб участокалъул хIалтIухъаби!**

Началихъалъул социалиябгун экономикияб цебетIей цIикIкIараб къадаралда бараб буго налогал ракIариялъул иш дурусльизе ва камиллъизе гьабиялда. Налогазул хъулухъ нилъер улкаялда гIуцIана 1991 соналъул 21 ноябралда. Жидерго профессионалияб байрамалде районалъул налоговиял хIалтIухъабиги рачIунел руго налогал ракIариялъул рахъалъ лъикIал хIасилалги росулаго.

РакI-ракIалъ баркула налоговиял хIалтIухъабазда тIаде щолеб бугеб гьезул махщалилаб байрам - РФялъул налоговиял органазул хIалтIухъанасул къо. Гьарула сахлъи, талихI-рохел ва хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ТIурччи - цIул, цIа-кан...

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда - хасалоялде хIадурлъиялъул суал**

**14 ноябралда Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул залалда тIобитIана районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна районалъул сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул, маданиял учреждениял, районалъул электросетал, нухазул магIишат ва цогидалги идараби хасалоялде хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас. Данделъиялда гIахьаллъана росабазул поселениязул администрациязул бутIрул, школазул, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.

Гьоркьоб лъураб суалалдасан доклад гьабуна районалъул администрациялъул ЖКХялъул суалазул рахъалъ ведущий специалист Шамил ГIалиевас. Докладалда бицана лъайкьеялъул учреждениязда, районалъул больницаялда, участковиял больницабазда, «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялда, культураялъул учреждениязда, районалъул электросетазда, росдал магIишаталъул производственниял кооперативазда хасалоялде гьабураб хIадурлъиялъул. Масала, гIемерисел школазда пластикаялъул гордал лъуна, хIухьладалъун хинлъизарулел системаби хисана, тIохазе капиталияб ремонт гьабуна «150 школа» проекталда рекъонги, сахаватчагIазул сурсатаздаги. Лъайкьеялъул 28 учреждениялдасан 10-яб токалдалъун хинлъизабула, кIигоялда цIул, 15-ялда тIурччи-цIул ва цоялда солярка хIалтIизабула. ТIурччи-цIулалъул нахърател гьабиялъулъ цо-цо школазда ва ясли-ахазда хадурехъерхьи буго.

Хасалил шартIазде централияб больницаялда, поликлиникаялда ва цогидалги медучреждениязда хIадурлъи буго. Нагагь ток гьоркьоб къотIани, ЦРБялда буго запасалъулаб дизелалъул генератор, больница токалдалъун хьезабизе.

2019 соналъ электромагIишаталъ Игьалиб 30 хIуби ва 1,6 км. кварал хисана.

МельелтIа 32 –ялъул бакIалда 34 хIуби ва 3,9 км. кварал хисана. Гьарадирихьги хIубал хисана, тIадеги трансформатор лъуна. Хасел тIаде щвелелде гьаризе хIисабалде росарал плановиял хIалтIабиги руго. Масала, «Россети» ПАОялъ гьаб соналъ ремонт гьабизе ккола 32 трансформаторалъе ва КТПялъе.



2019-2020 соназул хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде гьабураб хIадурлъиялъул бицана докладалда тIасан кIалъарал райэлектросетазул бетIерав инженер Камал ГIалиевас, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Ахиралда къабул гьабуна хIукмуги.

**Къурмагьиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Садуб школаги Александр Лохноги

-2 гьум.



Хасаб чилъи буго бессун магIарухъ

-2 гьум.



ЦIиял алатаздалъун хьезарурал кабинетал

2 гьум.



ВагIзаби, мавлидал, назмаби...

3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Садуб школаги Александр Лохноги

### ЦӀияб Аргъваниб школа баялъул масъалаби

**11 ноябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тӀобитӀараб данделъиялда гьоркьорлъуна ЦӀияб Аргъваниб 250 цӀалдохъанасе бакӀ бугеб школа баялъул, гӀолилазул, спортивияб ва цогидалги бутӀабазда хурхарал проектал гӀумруялде рахъинариялъул хӀакъалъулъ ва цогидалги суалал.**



Данделъиялда гӀахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъул ва муниципалиял идарабазул хӀалтӀухъабаз, учреждениязул, гӀуцӀабазул нухмалъулез ва цогидазги. Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас.

«Трансстрой» ХК ОООялъул исполнительнияв директор Александр Лохнояс баян гьабуна ЦӀияб Аргъваниб гьоркьохъеб школалъе мина баялъул бугеб хӀал: «ХӀадурлъи гьабулеб буго спортивияб залалъул къедал гьаризе. Хадусеб анкьалъ рачине руго токалъул мухъал. ХӀалтӀулаб бригадаялда вуго 25 чи». Районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас абуна школа баялъул хӀалтӀаби проекталъул планалда рекъон ва чӀезарурал болжалазда лъугӀизаризе кколин.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГӀумар МухӀамадовас бицана жидер хӀалтӀухъаби щуго нухалъ росабалъе сапаралъ анин пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабиялъул мурадалда, араб анкьалъ хъулухъ гьабеян гӀадамаз 219 гӀарза бачӀун букӀанин, гьелдасан 186 тӀубанин.

Гъоркь Инхо ва Игьали росабалъ гьаруна воркаут-байдаби. ЦӀияб Аргъваниб спортивияб байдан рагьизе буго. Районалда тӀобитӀизе буго тренер Жаватхан Жаватханов ракӀалде щвеялъул эркенаб гугариялъул турнир. Гьелъул ва спортивияб гӀумруялъул хӀакъалъулъ цогидалги баянал рехсана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухӀма МухӀамадовас.

Дагьал церегӀан къояз Москваялда тӀобитӀана бакълъулазул форум. Гьениб гӀахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас, районалъул жамгӀиял, диниял хӀаракатчагӀаз ва цогидазги. Бакълъулазул гӀолилазул централъул ва «Гумбет районалъул гӀолилал» ДРООялъул хӀаракаталдалъун лъималазда гьоркьоб тӀобитӀулеб буго МухӀамад аварагасул (с. т. гӀ. в.) хӀадисал цӀалиялъул конкурс. Гьелъул хӀакъалъулъ бицана районалъул бетӀерасул кумекчи МухӀамад Зубайировас.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас абуна хъутабазул ракьалда хасалихъе культурабазул хьонал хьанин 510 гектаралдаян.

МухӀамад Хъарагишиевас данделъиялъул хӀасилал гьаруна, учреждениязул ва гӀуцӀабазул нухмалъулезе кьуна, гьоркьор лъурал суалазда дандрекъон кколел тӀадкъаял.

**Макка МухӀамадова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ...

# Хасаб чилъи буго бессун магӀарухъ

### «Гумбет» газеталъул бетӀерав редактор ХӀамзат ГӀизудинов гӀахьаллъана республикаялъулаб данделъиялда

**Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул аваразул секциялъул жигаралдалъун, МахӀачхъалаялда тӀобитӀана Дагъистан Республикаялъул маданият цӀуниялъул ва цебетӀезабиялъул суалал гьоркьор лъураб данделъи. Гьеб тадбиралда жигараб гӀахьаллъи гьабуна «Гумбет» газеталъул бетӀерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХӀамзат ГӀизудиновас.**




Данделъиялда гӀахьаллъараз халгьабуна рахьдал мацӀал, МугӀрузул улкаялъул маданият цӀуниялъе ва цебетӀезабиялъе гьаризесел тадбиразул.

Данделъиялда гьединго гӀахьаллъана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул председатель, халкъияв шагӀир МухӀамад АхӀмадов, хъвадарухъабазул Союзалъул аваразул секциялъул нухмалъулев МухӀамад ПатахӀов, «Дагъистан» журналалъул бетӀерав редактор МухӀамад БисавгӀалиев, Россиялъул хӀажмиссиялъул нухмалъулев, халкъияв шагӀир МухӀамад ХӀамзаев, республикаялъул литературиял «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналазул бетӀерав редактор Мурад АхӀмадов, Дагъисталалъул тӀахьазул издательствоялъул редактор ГӀайшат ГӀалиева, аваразул СМИязул Ассоциациялъул председатель МухӀамадрасул ГӀумаров, рагӀул устарзаби ГӀайшат Малачиева, Залму Батирова, КъурбанмухӀамад МухӀамадов, МахӀмуд-апанди МухӀамадов ва цогидалги.

Дагъистаналъул творческиял къуватаз, републикаялъул къисматалъул ургъел гьабулелщиназ, цебегоялдаса рорхулел руго маданияб ирс цӀуниялъул ва бечед гьабиялъул суалал, церелъолел руго МугӀрузул улкаялъул мацӀал цӀуниялъул ва церетӀезариялъул программаби. Нилъер регионалъул рухӀияб бечелъи, халкъалъул гӀадатал кьезе ккола наслабаз наслабахъе», - ян абуна ХӀамзат ГӀизудиновас.

Творческиял хӀаракатчагӀазул ва бетӀерал редакторзабазул данделъиялда хӀукму гьабуна районазде ва шагьаразде ун цӀалдолелгун гӀемер дандчӀвазе, миллиял газетазул, журналазул тираж цӀикӀкӀинабиялда тӀад хӀалтӀизе, гӀолохъанал хъвадарулезе шапакъатал кьезе, гӀолеб гӀелалъе рухӀияб цебетӀей щвеялде буссараб хӀалтӀи гӀуцӀизе.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ШКОЛА

# ЦӀиял алатаздалъун хьезарурал кабинетал

### Бакълъулазул районалда рагьана «Точка роста» лъайкьеялъул рукъ

**12 ноябралда Чалаби Бекмирзаевасул цӀаралда бугеб МелъелтӀа гьоркьохъеб школалда рохалилаб ахӀвал-хӀалалда рагьана гуманитарияб ва тарихазулаб профилазул лъайкьеялъул «Точка роста» центр.**




Гьеб тадбиралда гӀахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиев, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадов, МелъелтӀа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухӀамадова, лъайкьеялъул «Точка роста» централъул нухмалъулев Лабазан ХӀажиев, «Лъайкьей цебетӀезабиялъул центр» МКУялъул нухмалъулев ГӀали ГӀумархӀажиев, отделазул нухмалъулел, специалистал, мугӀалимал, цӀалдохъаби ва цогидалги.

Районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас гьабуна баркиялъулаб кӀалъай. Гьес кӀудияб баркала загьир гьабуна цӀалдохъабазе тӀадеги лъай щвеялъе гьанжесеб оборудованиялдалъун хьезабураб центр рагьиялъе квербакъарал республикаялъул нухмалъулезе. «ХӀурматиял мугӀалимал, цӀалдохъаби. Баркула нужеда лъайкьеялъул центр рагьи. ЦӀалдохъабазде хитӀаб гьабун абизе бокьун буго, нужее рес щвана тарихазулаб, техническияб, гуманитарияб профилазул лъай босизе. Мурад буго нужее гьеб рахъалъ гъваридаб лъай щвей. Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовасул цӀаралдасан баркала загьир гьабизе бокьун буго ДРялъул лъайкьеялъул ва гӀелмуялъул министерствалъе, республикаялъул нухмалъиялъе, гьединго гьанжесеб техникаялдалъун хьезарурал лъайкьеялъул централ рагьизе квербакъарал киназего», - ян абуна МухӀамад Хъарагишиевас.

Централъул нухмалъулев Лабазан ХӀажиевас баян гьабуна гьел кабинетазда дарсал кьезе ругин технологиялъул, ОБЖялъул, хӀисаб гӀелмуялъул, информатикаялъул, гьединго тарихазулаб, техническияб, гуманитарияб ва цогидалги профилазул.

Тадбиралда кӀалъазе рахъана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадов, МелъелтӀа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухӀамадова, «Лъайкьей цебетӀеялъул центр» МКУялъул нухмалъулев ГӀали ГӀумархӀажиев. БагӀараб чӀоло къотӀиялда гӀахьаллъана районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиев, МелъелтӀа гьоркьохъеб школалъул директор Эльмира МухӀамадова, «Точка роста» централъул нухмалъулев Лабазан ХӀажиев ва лъайкьеялъул, физичекияб культураялъул, спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадов.

Гьалбадерица халгьабуна федералияб «Точка роста» проекталда рекъон хӀадурарал кабинетазул. Гьеб проекталда рекъон, нилъер районалда гӀуцӀана лъайкьеялъул кӀиго центр – МелъелтӀа ва ЧӀиркъатӀа гьоркьохъел школазда.

**Хадижат Мазгарова**

ИСЛАМАЛЪ ГЬАВУЛА ИНСАНЛЪУН ИНСАН

# ВагIзаби, мавлидал, назмаби...

### МелъелтIа руччабазул мажлис тIобитIана

**12 нояралда Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъ тIобитIана руччабазул мажлис. ГIеч бортизе бакI гьечIин абухъего, гIодор чIезе эркенаб бакI хутIичIого занкIун цIун букIана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул зал МелъелтIаса диналъул яцаз гуребги, районалъул цогидал росабалъа гьалбадерицаги.**



Жинда жанив хирияв МухIаммад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб РабигIул авал моцI кIодо гьабун тIобитIараб бакълъулазул руччабазул мажлисалда гIахьаллъана Дагъистаналъул Муфтияталъул лъайкьеялъул руччабазул отделалъе нухмалъулей нилъер ракьцояй ГIайшат НурмухIамадова, Дагъистаналъул исламияб университеталъул студентка Анисат ГIабдулатIипова, шагIир, хъвадарухъан, журналист Лейла – Наталья Бахадори ва цогидалги.

Руччабазул мажлис рагьана ва бачана ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда йигей хIалтIухъан Асият ХIасанхIажиевалъ.

Жинда жанив МухIаммад авараг (с. т. гI. в.) гьавиялдалъун хиралъараб РабигIул авал моцI, гьелъул хIурматалда тIобитIулеб руччабазул мажлис баркун кIалъана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев Ражаб Ханмирзаев, районалъул имам МухIамад МухIамадов ва цогидалги.

Мажлисалда «Эбелалда ургьиве авараг (с. т. гI. в.) ккаралдаса гьев гьавилелде загьирлъарал хIикматал», «МухIаммад авараг (с. т. гI. в.) гьави». «МухIаммад аварагасде (с. т. гI. в.) вахIю рештIин», «Авараг (с. т. гI. в.) ХIираалъул нохъоде ин», «Аварагас (с. т. гI. в.) Хадижат ячин», «Аварагасул (с. т. гI. в.) гIумру лъазабиялъул кIвар» ва цогидалги темабазда къокъалго баянал рицана, мавлидал, назмаби ахIана ва рицана МелъелтIаса Мухлисат УхIумаевалъ, ЛъанлъариСа Саният Шахбановалъ, ЦIиликьа ПатIимат ЯхIяевалъ, Гъоркь Инхоса ГIайшат МухIамадовалъ, МелъелтIаса Макка Ахкубеговалъ ва цогидазги. ХIурматиял гьалбал Анисат ГIабдулатIиповалъ ахIана мавлидал, Лейла – Наталья Бахадорица жинцаго гьабураб назму бицана.

Мажлисалда гIахьаллъаразе кIудияб асар гьабуна МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъул церерахъиналъ, хирияв МухIаммад аварагасул (с. т. гI. в.) хIакъалъулъ гьез бицаралъ. Бокьана исламияб къагIидаялда ригьин гьабиялде гIадамал кантIизарулеб сценкаги.

Мажлис баркун, баркала загьир гьабун, чIухIи, мацIихъанлъи, гьибат-бугьтан, цоцалъ барщун рукIин гIадал заралиял гIамалал рехун тезе ккеялъул, ВатIаналде рокьул, аварагасул (с. т. гI. в.) хIадисал лъазариялъул ва гьездаго нахърилъун хьвадизе ккеялъул, лъикIал тIабигIатазул хIакъалъулъ ва цогидалги темаби рорхун кIалъана ГIайшат НурмухIамадова.

**Къурмагьиз ХIадисова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# БахIарзазул цIарал цIалулеб мехалъ...

### ТIадал хъулухъалъулал ишал тIуралаго хварал полициялъулазул хъизабазухъе щвана

**ТIадал хъулухъалъулал ишал тIуралаго хварал жанисел ишазул органазул хIалтIухъаби ва Россиялъул МВДялъул жанисел аскаразул рагьулал хъулухъчагIи ракIалде щвезаруна гьал къояз Бакълъулазул районалда.**



Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалда тIадал хъулухъалъулал ишал тIуралаго жидерго гIумру кьуна гьал хадур рехарал хIалтIухъабаз: МОБалъул нухмалъулесул заместитель, милициялъул майор ХIасбула ХIасбулаевас; кинологиялъул гьитIинав инспектор, милициялъул прапорщик ГIабдуразакъ Оцомиевас, ГАИялъул отделалъул нухмалъулев, милициялъул лейтенант ГIумарасхIаб МухIамадовас, милициялъул участковияв уполномоченный, милициялъул кIудияв лейтенант Шамил Маликовас», - ан лъазабуна Россиялъул МВДялъул Бакълъулазул районалда бугеб отделалдасан.

Отделалъул хIалтIухъаби «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хIалтIухъабигун ана гьезул хъизабазухъе ва сайгъатал кьуна районалъул администрациялъулги полициялъул хIалтIухъабазулги рахъалдасан.

Районалъул нухмалъиялъул ва полициялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан пашманлъи загьир гьабурал рагIаби абуна гьел хъизабазухъе щвараз.

**«Гумбет» РИО**

ПОЧТОВЫЙ КАГЪТИДЕ КЕРЕНГИ ЧУЧУН

# Муса ГIабасов кIоченчIелъухъ баркала

**2019 соналъул октябрь моцIалъул ахиралда дир гIагараб ТIад Инхо росулъ ва районалъул центр МелъелтIа тIоритIана гIемерал соназ Авартеатралда хIалтIарав мунагьал чураяв дир вац, ДАССРалъул халкъияв артист Муса ГIабасов ракIалде щвеялъул тадбирал. Дир ракIалъе цо батIияб, цIар лъезе лъалареб асар гьабуна гьенир гIахьаллъарал гIемерал машгъурал гIадамал рихьараб мехалъ, цIакъ вохана, Муса хвараддаса гIемерал сонал свераниги, гьев халкъалда кIочон гьечIолъиялдаса.**

Бокьун буго, районалъул газета гьоркьоббккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьеб тадбир тIобитIизе ракIалде щвараз ва гьелъие квербакъаразе, хасго районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановасе, тадбир берцинго нухда бачарав «Гумбет»газеталъулбетIеравредактор ХIамзат ГIизудиновасе, Мусал гIумруялъул хIакъалъулъ документалияб фильм бачарав Набигула АхIмадибировасе, дир вац кIодо гьавун гьенире рачIарал киназего. Хасаб баркала Мусал театрилан халкъалда гьоркьоб цIар машгъурлъун букIараб, гьев хIалтIараб Авартеатралъул артистазе ва гьельул директор МухIамадрасул МухIамадрасуловасе. Дун гIадин Аллагьги разилъаги нужедаса.

**ТIад Инхоса ГIалихIажи ГIабасов,
Хасавюрт шагьар**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ...

# Аргъваниса МухIамад Ибрагьимов Дагъистаналъул чемпионлъун вахъана

**МахIачхъалаялда тIоритIана 2003 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал гIолилазда гьоркьор Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло торгIо хIаялъул къецал. Хасавюрт шагьаралъул командаялда гьорлъ вукIарав Аргъваниса МухIамад Ибрагьимов чемпионлъун вахъана.**

васда ва Дагъистаналъул чемпионаталда бергьенлъи босараб командаялъул тренер ХIизбула Сайпудиновасда бергьенлъи, гьарана хадурккунги цIия-цIиял спортивиял рорхалъаби.

«ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул коллективалъ, МелъелтIа ДЮСШялъул дирекциялъ, районалъул нух-



МухIамад Ибрагьимов хьвадула МелъелтIа ДЮСШялъул ЦIияб Аргъваниб бугеб спортивияб группаялде, тренер Шамил Ибрагьимовасухъе. Хасавюрт шагьаралъул тIаса бищараб командаялъул тренер ккола ЧIикьа ХIизбула Сайпудинов.

Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас баркана МухIамад Ибрагьимомалъиялъ, гьудулзабаз, гIагабожаразги МухIамад Ибрагьимовасда ва ХIизбула Сайпудиновасда бергьенлъи баркулеб ва хадурккунги церетIеял гьарулел руго», - ян абуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Новый цифровой флюорограф стоимостью 6 млн рублей установили в Гумбетовском районе

**Новый цифровой флюорографический аппарат установили в районной поликлинике ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ». Современный диагностический аппарат получен благодаря поддержке Министерства здравоохранения РД.**

(Продолжение - на 4 стр.)

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Вступил в силу обвинительный приговор по делу о незаконном предпринимательстве

**Прокуратурой Гумбетовского района в октябре 2019 года поддержано государственное обвинение по уголовному делу о незаконном предпринимательстве.**

Приговором суда индивидуальный предприниматель Муртазалиев М. признан виновным в совершении преступления, предусмотренного п. «б» ч.2 ст.171 УК РФ (осуществление предпринимательской деятельности без лицензии в случаях, когда такая лицензия обязательна, если это деяние сопряжено с извлечением дохода в особо крупном размере).

В ходе судебного разбирательства установлено, что фигурант уголовного дела осуществлял деятельность по реализации через автозаправочную станцию сжиженного углеводородного газа без наличия лицензии на осуществление такой деятельности.

Суд с учетом позиции государственного обвинителя прокуратуры района назначил подсудимому наказание в виде 1 года 6 месяцев лишения свободы со штрафом в 30 000 рублей. В соответствии со ст.73 УК РФ наказание в виде лишения свободы посчитано условным с испытательным сроком в 1 год и 6 месяцев.

**Магомед Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

## Дополнительные гарантии женщинам, работающим в сельской местности

**Федеральным законом от 12.11.2019 № 372-ФЗ внесены изменения в Трудовой кодекс в части установления гарантий женщинам, работающим в сельской местности.**

Трудовой кодекс дополнен специальной статьей 263-1 «Дополнительные гарантии женщинам, работающим в сельской местности».

Закон предоставляет женщинам этой категории следующие права:

– на предоставление по их письменному заявлению дополнительного выходного дня в месяц без сохранения заработной платы;

– на установление сокращенного рабочего времени не более 36 часов в неделю. При этом заработная плата выплачивается в том же размере, что и при полной рабочей неделе;

– на оплату труда в повышенном размере на работах, где рабочий день разделен на части. При этом повышенный размер оплаты труда не может быть снижен по сравнению с размером, установленным на момент вступления в силу настоящего федерального закона.

Федеральный закон от 12.11.2019 № 372-ФЗ опубликован на официальном интернет–портале правовой информации: publication.pravo.gov.ru 12.11.2019, вступает в силу 23.11.2019.

**Магомед Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

**ХIурматиял районцоял! Байбихьун буго 2020 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениялдасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.

Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола районгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! Бокьилаан цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.




Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2020 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

ХIурматиял подписчикал! Россиялда гIадатлъун лъугьун буго газетазул, журналазул подпискаялъул багьа цIикIкIинаби. Гьале иргадулаб нухалдаги 2020 соналъе районалъул «Гумбет» газеталъул подпискаялъул багьаги хиралъана.

**Газеталъул багьа**
**лъагIалие:**
**Почалдасан – 534,48 гъ.**
**Редакциялдасан – 250 гъ.**
**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 267,24 гъ.**
**Редакциялдасан - 150 гъ.**

**«Гумбет» басмаялъул редакция**

## Новый цифровой флюорограф стоимостью 6 млн рублей установили в Гумбетовском районе

**(Начало - на- 3 стр.)**

Аппарат может печатать снимки и выводить их на диск или пленку. Как отмечают медработники больницы, за одну смену обследование на флюорографе смогут пройти до 100 жителей района.

Важными преимуществами нового флюорографа является высокое разрешение полученных снимков и минимальная лучевая нагрузка на пациента.

«Флюорографическое обследование необходимо проходить один раз в год с профилактической целью. Флюорография помогает на ранней стадии выявить рак, туберкулёз, пневмонию и другие заболевания легочной системы», – пояснил и. о. главврача Магомедхабиб Абакаров.

Глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов также выразил слова благодарности в адрес руководства республики и Минздрава РД за внимание к нуждам муниципалитета, обеспечение ЦРБ и других медучреждений современным оборудованием.

**РИО «Гумбет»**

(СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Оперативно-профилактическую операцию «Дети России- 2019» провели в Гумбетовском районе

**Накануне в Игалинской средней школе прошло мероприятие, посвященное разъяснительно-профилактической работе и популяризации здорового образа жизни.**

Во встрече приняли участие заместитель прокурора Гумбетовского района, старший советник юстиции Магомед Магомедов, сотрудники пожарной части № 45, начальник ОГИБДД, майор полиции Расул Аххубегов, старший УУП, майор полиции Бартихан Бартиханов, инспектор по делам несовершеннолетних ОМВД России по Гумбетовскому району, капитан полиции Магомед Гусейнов, учителя и учащиеся.

В рамках операции «Дети России- 2019» была проведена комплексная работа, направленная на раскрытие актуальных и социально-значимых проблем, продемонстрированы детям фотографии и материалы с разъяснениями о последствиях употребления наркотических и психотропных веществ, алкогольной продукции и табачных изделий.

Организаторы мероприятия на примерах жизненных ситуаций рассказали детям о пагубности и вреде употребления химических и наркотических и веществ. В ходе беседы с детьми подчеркнули важное значение целей в жизни и необходимость усилий в их достижении, а также отметили, что в трудных ситуациях надо полагаться на родных и советоваться с ними при возникновении проблем.

Также рассказали детям о мерах противопожарной безопасности, важности соблюдения безопасности дорожного движения, особенно по маршруту «Дом-школа-дом», об опасности религиозного и политического экстремизма. Более того, были разъяснены особенности привлечения несовершеннолетних к уголовной и административной ответственности, проведена тренировка с подачей сигнала по эвакуации персонала и учащихся, ознакомили с номерами телефона экстренных служб (101, 102, 103, 104, 112).

В завершение проведенных мероприятий сотрудники ОМВД России по Гумбетовскому району вместе с учащимися 4 класса и учителями на федеральной трассе «Хасавюрт-Тлох» провели раздачу водителям листовок и стикеров с пропагандой безопасного поведения и предотвращения ДТП.

Сотрудниками ДПС ОГИБДД была обеспечена безопасность детей и организована остановка автотранспорта, дети раздали памятники, призывающие автовладельцев соблюдать правила дорожного движения и перевозки детей, а также уважительно относиться к пешеходам.

**РИО «Гумбет»**

## «Сообщи, где торгуют смертью!»

**С 11 по 22 ноября 2019г. во взаимодействии заинтересованными министерствами, ведомствами и органами местного самоуправления, на территории Гумбетовского района, как и во всех регионах России, проводится второй этап Общероссийской акции «Сообщи, где торгуют смертью».**

Данная акция направлена на привлечение общественности к участию в противодействии незаконному обороту наркотиков, сбору и проверку информации, оказание квалифицированной помощи и консультации по вопросам лечения и реабилитации наркозависимых лиц.

Все это проводится с одной и главной целью уберечь подрастающее поколение от верной гибели. Ведь употребление наркотиков – это глобальная проблема нашего времени, которая затронуло все человечество. Наркотики – яд, который становится частью обменных процессов организма, вызывает потребность принимать все новые и новые дозы в огромных количествах. Распространители данного «зелья» даже не задумываются о молодом поколении, не знающем жизни. Ведь распространителям наркотиков не важно, что будет с молодыми людьми в будущем, какими они станут и какова будет их дальнейшая жизнь. Их главная цель – это прибыль. Молодые люди не понимают, что через несколько лет они будут погибать на глазах своих родных, своих родителей, которые когда-то подарили им жизнь.

Употребляя наркотики не думают о том, что они люди из будущего.

Жители нашего района могут анонимно сообщать об известных им фактах распространения, потребления, хранения наркотических средств.

Сообщения принимаются круглосуточно сотрудниками ОМВД России по Гумбетовскому району по тел. 8 928 958 08 71.

**Шамиль Мажидов,**
**начальник ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**подполковник полиции**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.